



Pou Piblikasyon Imedya: 20/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEZINYE JOHN LYMAN ERNST KÒM PREZIDAN AJANS  
PAK ADIRONDACK LA**

*Yo ap nome li pou konfimasyon lè Sena a retounen*

*Ernst te enplike nan Òganizasyon Adirondack yo pandan 40 ane*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a dezinyasyon John Lyman Ernst kòm Prezidan ajans Pak Adirondack la. Yo ap nome Ernst pou konfimasyon nan Konsèy APA a.

"Pak Adirondack se yon resous inik pou New York epi nou dwe prezève bote natirèl li a pou jenerasyon alavni yo kapab pwofite, pandan nou ap ankouraje touris ak ti biznis nan tout rejyon an", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nominasyon sa a se yon premye pa enpòtan nan devlope yon plan itilizasyon tèren piblik ak prive yo pou pi gwo zòn pwoteje nan Etazini kontinantal la. John te demontre yon devouman solid pou North Country epi mwen sèten ke li pral briye kòm pwochen Prezidan Ajans Paks Adirondack (Adirondack Park Agency, APA) la, nan ede bati yon lavni ki pi briyan pou bijou natirèl sa a".

Yo te premye nomen John Lyman Ernst nan Konsèy APA (APA Board) a an jen 2016. Kòm Manm Konsèy (Board Member), Mesye Ernst te sèvi nan Komisyon sou Pwogram Regilatwa yo, Tèren Eta a, Aplikasyon lalwa, ak Politik sou Pak yo (Regulatory Programs, State Land, Enforcement, and the Park Policy and Planning committees). Pi resaman li te sèvi kòm Prezidan Komisyon sou Pwogram Regilatwa yo, Tèren Eta a, Aplikasyon lalwa, ak Politik sou Pak yo. Mesye Ernst se prezidan tou kòm prezidan konsèy administrasyon ak prezidan yon antrepriz investisman prive nan New York City. Li menm ak madanm li, Margot, se pwopriyetè Elk Lake Lodge nan North Hudson, Konte Essex. Fanmi li te pase vakans yo nan North Hudson depi gran papa li te fè kanping nan Clear Pond an 1905. An 1963, Elk Lake Lodge te fè kado premye sèvitid konsèvasyon an nan Eta New York. Sèvitid la te pwoteje bò rivaj Elk Lake la. Sèvitid li te fè kado bay Eta a an 2012 te pwoteje rès pwopriyete a epi li te gen ladan aksè piblik nan santye Eta Dix Mountain ak Marcy Mountain yo.

Yon gradye Inivèsite Harvard, Mesye Ernst te enplike nan òganizasyon nan Adirondack pandan 40 ane. Li se dènye prezidan Konsèy Adirondack ak Fondasyon Adirondack la ansanm ak prezidan Asosyasyon Pwopriyetè Tèren Adirondack (Adirondack Landowners Association). Li te sèvi nan konsèy Konsèvasyon Lanati

Adirondack (Adirondack Nature Conservancy) la, Adminstrasyon Tèren Adirondack (Adirondack Land Trust), Sant pou Ekriti Adirondack (Adirondack Center for Writing), Kòporasyon Ankèt sou Lak Adirondack (Adirondack Lakes Survey Corporation) ak Konsèy Konsiltatif Eta New York (New York State Tourism Advisory Council) la. Li te yon manm Konsèy Egzekitif sou Radyo Piblik North Country (Executive Council of North Country Public Radio) epi li te sèvi nan konsèy Lig Konsèvasyo Elektè New York (New York League of Conservation Voters) ak Lig New York pou Fon Edikasyon Elektè (New York League of Conservation Voters Education Fund) a. Li sèvi aktyèlman nan konsèy enstiti Espas Lib (Open Space Institute).

Yon enterè nan Ameriken Natif Natal yo te mennen li nan sèvis konsèy nan Mize Nasyonal Endyen Ameriken (National Museum of the American Indian) an ak yon wòl ko-prezidan nan Mize Nasyonal Endyen Ameriken NY (National Museum of the American Indian-NY), enstitisyon Smithsonian. Li te sèvi tou nan Konsèy Direktè Lekòl pou Rechèch Avanse (Board of Managers of the School for Advanced Research) nan Human Experience nan Santa Fe, New Mexico. John Ernst rezide nan Vil New York ak nan Vil North Hudson avèk madanm li Margot.

**Direktè Egzekitif APA a, Terry Martino deklare,** "Ajans Pak Adirondack kontan anpil pou li genyen John Ernst ki ap sèvi kòm Prezidan Konsèy Ajans lan. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip desizif li ak angajman li pou Pak la. Mesye Ernst te bay yon vwa kalm epi ki gen konesans nan deliberasyon yo nan konsèy la depi premye randevou li a an 2016. Nou pa ka tann pou mwen wè kontribisyon kontini li a."

###

Lèt nouwèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)